

Bahasa Sunda

Nama	:	
Kelas	:	2 KH Baedhowie
Hari, tanggal	:	Jumat, 17 Desember 2021
Materi	:	Kadaharan

URAIAN MATERI**Kadaharan Has Sunda**

Tatar sunda teh kaasup daerah anu lega. Pangeusina oge rea. Unggal daerah boga cara-cara jeung budaya anu beda. Pan aya paribasa, “ciri sabumi cara sadesa sacarana-sacarana”. Tatar Sunda mah beunghar. Kadaharan oge rupa-rupa kadaharan has daerah ti Jawa Barat. Di Ciamis aya galendo. Dijieunna tina hampas minyak Kalapa. Katekah galendo ciamis.

Upami urang ka Garut, aya kadaharan dodol. Dijieunna tina tipung ketan jeung Kalapa. Katelah dodol garut. Di Majalaya Bandung aya borondong. Dijieunna tina jagong jeung gula. Katelahna borondong bandung. Di Bandung oge aya peuyeum. Katelahna peuyem bandung. Jaba ti eta, di daerah Cililin aya wajit. Katelahna wajit cililin. Saha anu terang, ari tahu ti mana? Tangtu geus arapal, tahu mah kadaharan has Sumedang. Katelahna tahu sumedang.

Ari Purwakarta naon nya kadaharan hasna? Kapan di Purwakarta mah aya peuyeum gandul. Peuyem anu dijieunna tina sampeu. Tapi bisa digantungkeun. Mun resep kana manisan, di Cianjur mah aya. Aya tauco deuih. Tauco dijieunna tina kacang kadele.

A. Jawab pananya di handap ieu!

1. Kumaha kaayaan daerah tatar Sunda teh?

.....

2. Boga naon unggal daerah di Jawa Barat?

.....

3. Ari kadaharan has Cianjur naon?

.....

4. Tina naon dijieunna ari dodol jeung borondong?

.....

5. Ari hidep resep kana kadaharan naon?

.....

B. Cocogkeun jeung asal daerah!

Cianjur	Bandung	Cirebon
Sumedang	Subang	Garut

1. Taucu nu kawentar asalna ti
2. Tahu kawentar asalna ti
3. Peuyeum kawentarna ti daerah.....
4. Ganas kawentarna ti daerah
5. Dodol kawentarna ti daerah
6. Kurupuk udang kawentarna ti daerah

C. Jieun kalimah dumasar kecap dihandap!

1. Sampeu

.....

2. Misro

.....

3. Combro

.....

4. Cireng

.....

5. Dodol

.....